



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POU YO LIMEN MONIMAN YO AN BLE AK AN LÒ TOUPATOU NAN ETA A EPI POU YO PWOJTE 'NEW YORK SOLID' POU ONORE TRAVAY NOUYÒKÈ YO KI PLATI Koub VIRIS COVID-19 LA

Cuomo: "Bliye plati koub viris la - nou koube koub la - epi Nouyòkè yo ta dwe fyè pou akonplisman yo. Pa rapò ak sa, nou pral mete anfaz sou moniman yo atravè eta a an ble ak an lò pou onore Nouyòkè nou yo, paske nou se moun New York ki solid entlèijan, ini, disipline epi ki gen renmen".

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo pral limen moniman toupatou nan eta a an ble ak an lò epi yo pral pwojte 'New York Solid' (New York Tough) pou onore travay Nouyòkè yo ki plati koub viris COVID-19 la. Moniman yo ap limen yo gen ladan:

- One World Trade Center
- Grand Central Terminal Bridge
- Rockefeller Center
- Corning Tower
- Utica State Office Building
- Kosciuszko Bridge
- Batiman Administrasyon H. Carl McCall SUNY
- Batiman Depatman Edikasyon Eta New York la
- Batiman Biwo Alfred E. Smith State (Alfred E. Smith State Office Building) la
- New York State Fairgrounds
- Niagara Falls
- Olympic Ski Jumps (So Eski Olenmpik)
- Olympic Center (Sant Olenmpik)
- Pon Franklin Delano Roosevelt nan Mid-Hudson

"Nou soti lwen nan batay kont COVID-19 la epi gen anpil moun ki souffri pou rive la a, men sa nou fè ansanm yo ekstrawòdinè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Bliye plati koub viris la - nou koube koub la - epi Nouyòkè yo ta dwe fyè pou akonplisman yo. Pa rapò ak sa, nou pral mete anfaz sou moniman yo atravè eta a an ble ak an lò pou onore Nouyòkè nou yo, paske nou se moun New York ki solid entlèijan, ini, disipline epi ki gen renmen."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)